

Kesyonè evalyasyon pou ris kadyak

KONFIDANSYÈL

Ou dwe mache ak fòmilè sa a lè w al nan evalyasyon kadyak la

Tanpri, ranpli fòmilè a ak atansyon. Pwoblèm kadyak yo kapab pwovoke akoz plizyè faktè diferan. Lè w reponn kesyon yo nan yon fason ki onèt, sa a pral ede doktè yo evalye sante kadyak ou ak anpil presizon.

Papa, manman, oswa titè legal yon jèn minè ki gen mwens pase 18 lane ta dwe ranpli fòmilè sa a ansanm ak timoun nan. Jèn ki gen omwen 18 lane ta dwe konsilte ak paran oswa fanmi pa yo pou jwenn antesedan familyal kadyak yo a.

Mwen konfime patisipan an pa gen yon pwoblèm kè ki egziste deja, oswa nou pa okouran de okenn kondisyon konsa, yon doktè kè (kadyològ) p ap suiv li pou yon pwoblèm kè ki dyagnostike deja, oswa li pa gen okenn randevou ann atant ak yon doktè kè.

NON PATISIPAN AN (EKRI KLÈMAN)

DAT NESANS

GASON FI NON-BINÈ

LAJ PATISIPAN AN

SÈKS OU LÈ W TE FÈT

Ispanofòn/Latino Wi Non

Ras ou (kwoche tout opsyon ki koresponn yo)

Amerendyen oswa endijèn Alaska Azyatik Nwa oswa afwo-ameriken Endijèn Awayi oswa zile Oseyan Pasifik

Blan Lòt

SÈLMAN POU ITILIZASYON EKIP LA (y ap ranpli l pandan evalyasyon an) : Tansyon _____ / _____

ANTESEDAN MEDIKAL AK SOSYAL PATISIPAN AN

Èske ou te fè maladi Covid-19 deja ?	Wi	Non	Mwen pa fin konnen
Si ou te genyen l, èske w te entène lopital ?	Wi	Non	
Èske w gen yon sentòm ou pa t genyen anvan w te gen Covid, tankou doulè nan lestimak, pwoblèm respirasyon oswa fatig ?	Wi	Non	
Èske w gen yon maladi nan moman an ?	Wi	Non	
Èske w déjà dyagnostike ak opresyon ?	Wi	Non	
Èske w fè anemi falsifòm oswa jèn falsifòm nan ?	Wi	Non	
Èske w gen yon pwoblèm kadyak aktif ?	Wi	Non	
Èske yo janm di w ou gen yon souf kadyak ?	Wi	Non	
Èske yo di w pou limite aktivite fizik ou poutèt yon pwoblèm kè ?	Wi	Non	

Ekri nenpòt lòt pwoblèm oswa twoub medikal ou genyen

Èske w déjà fè youn nan maladi sa yo ? (kwoche tout opsyon ki koresponn yo)

- | | | |
|---|--|---|
| <input type="checkbox"/> Maladi Kawasaki | <input type="checkbox"/> Tansyon wo | <input type="checkbox"/> Sendwòm QT long |
| <input type="checkbox"/> Lafyèv rematik | <input type="checkbox"/> Maladi kadyak konjenital | <input type="checkbox"/> Kadyomiyopati |
| <input type="checkbox"/> Miyokadit | <input type="checkbox"/> Pwoblèm rit kadyak | <input type="checkbox"/> Sendwòm Marfan |
| <input type="checkbox"/> Pwoblèm kolestewòl | <input type="checkbox"/> Wolff Parkinson White (WPW) | <input type="checkbox"/> Chiriji kadyak ki fèt déjà |



Kesyonè evalyasyon pou ris kadyak

Èske w pran youn nan kategori medikaman sa yo deja ? (kwoche tout opsyon ki koresponn yo)

- | | | |
|---|-------------------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> Opresyon | <input type="checkbox"/> Tansyon | <input type="checkbox"/> Anksyete oswa depresyon |
| <input type="checkbox"/> Pwoblèm kadyak | <input type="checkbox"/> TDA / TDAH | <input type="checkbox"/> Kriz epilepsi |



Ou dwe mache ak
fòmilè sa a lè w al nan
evalyasyon kadyak la



Kesyonè evalyasyon pou ris kadyak

Èske w pran nенpòt nan sipleman sa yo ? (kwoche tout opsyon ki koresponn yo)

- | | |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Bwason enèji | Si wi, konbyen fwa nan yon jounen oswa semen _____ |
| <input type="checkbox"/> Sipleman pou ogmante pèfòmans fizik | Si wi, konbyen fwa nan yon jounen oswa semen _____ |
| <input type="checkbox"/> Konprime pou rejim (pou pèdi pwa) | Si wi, konbyen fwa nan yon jounen oswa semen _____ |

Èske w konn santi doulè oubyen presyon nan lestomak ou ?

- | | | | |
|---|--|---|-------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Lè m ap repoze | <input type="checkbox"/> Lè m ap mache | <input type="checkbox"/> Lè m ap fè egzèsis | <input type="checkbox"/> Jamè |
|---|--|---|-------------------------------|

Èske w vin fatige pi vit parapò ak lòt moun ?

- | | | | |
|---|--|---|-------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Lè m ap repoze | <input type="checkbox"/> Lè m ap mache | <input type="checkbox"/> Lè m ap fè egzèsis | <input type="checkbox"/> Jamè |
|---|--|---|-------------------------------|

Èske w manke souf souvan (epi se pa opresyon) ?

- | | | | |
|---|--|---|-------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Lè m ap repoze | <input type="checkbox"/> Lè m ap mache | <input type="checkbox"/> Lè m ap fè egzèsis | <input type="checkbox"/> Jamè |
|---|--|---|-------------------------------|

Èske kè w konn ap bat two vit oubyen li konn ap sote yon batman pafwa ?

- | | | | |
|---|--|---|-------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Lè m ap repoze | <input type="checkbox"/> Lè m ap mache | <input type="checkbox"/> Lè m ap fè egzèsis | <input type="checkbox"/> Jamè |
|---|--|---|-------------------------------|

¿Alguna vez se ha desmayado o casi desmayado?

- | | | | |
|---|--|---|-------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Lè m ap repoze | <input type="checkbox"/> Lè m ap mache | <input type="checkbox"/> Lè m ap fè egzèsis | <input type="checkbox"/> Jamè |
|---|--|---|-------------------------------|

¿Alguna vez se ha sentido mareado o aturdido?

- | | | | |
|---|--|---|-------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Lè m ap repoze | <input type="checkbox"/> Lè m ap mache | <input type="checkbox"/> Lè m ap fè egzèsis | <input type="checkbox"/> Jamè |
|---|--|---|-------------------------------|

Èske w fè yon kriz epilepsi deja ?

Wi Non

Èske w konn jwè yon espò ann ekip ?

Wi Non Ki espò (yo) ? _____

Èske w konn fè egzèsis plis pase 4 fwa nan yon semèn ?

Wi Non

ANTESEDAN FAMILYAL PATISIPAN AN

Pou reponn kesyon konsènan manm fanmi an, tanpri mete enfòmasyon konsènan fanmi patisipan an, tankou frè ak sè, paran, kouzen ak granparan yo.

Èske w adopte ?

Wi Non Mwen pa fin konnen

Èske yon fanmi w ki gen mwens pase 40 lane deja devlope yon maladi kadyak ?

Wi Non Mwen pa fin konnen

Èske yon fanmi w ki gen mwens pase 40 lane mouri sanzatann poutèt yon maladi kadyak ?

Wi Non Mwen pa fin konnen

Èske yon fanmi w ki gen mwens pase 40 lane deja sibi yon arè kadyak sanzatann ?

Wi Non Mwen pa fin konnen

Èske yon fanmi w déjà mouri apati sendwòm lanmò tibebe sanzatann (SIDS ann anglè) ?

Wi Non Mwen pa fin konnen

Èske yon fanmi w te mouri sanzatann oswa san esplikasyon ?

Wi Non Mwen pa fin konnen

Èske yon fanmi w te mouri pa youn nan kòz sa yo - nwaye nan dlo oswa yon aksidan swen medikal san esplikasyon ?

Wi Non Mwen pa fin konnen

Èske yon manm nan fanmi w soufri pèt konesans oswa kriz epilepsi san esplikasyon ?


Wi Non Mwen pa fin konnen



Ou dwe mache ak
fòmilè sa a lè w al nan
evalyasyon kadyak la



Fòmilè pèmisyon pou evalyasyon kadyak ak dechaj responsablite



Ou dwe mache ak
fòmilè sa a lè w al nan
evalyasyon kadyak la

Ekri non w klèman TOUT AN MAJISKIL

DAT EVALYASYON AN	SIYATI PATISIPAN AN (<i>tout an majiskil</i>)	NON PATISIPAN AN	DAT NESANS LI <i>Li dwe gen ant 12 ak 25 an, san eksepsyon</i>
-------------------	---	------------------	---

Mwen menm ki siyen fòmilè pi ba a, BAY pèmisyon pou pitit mwen (ki gen mwens pase 18 lane) / mwen BAY konsantman an mwen menm pou patisipe volontèman nan yon evalyasyon kè (evalyasyon kadyak) Fondasyon Eric Paredes Save A Life la (fondasyon an) pwopoze. Pandan evalyasyon kadyak la, yo pral fè m reponn ak yon kesyonè medikal, m pral fè yon elektwokadyogram, epi apresa a mwen gen dwa fè yon ekokadyogram tou. Yon pèsonèl medikal endependan ansanm ak lòt benevòl k ap travay ansanm ak fondasyon an pral fè evalyasyon kadyak la. Moun ki siyen pi ba a rekonèt epi aksepte patisipasyon nan evalyasyon kadyak la konplètman volontè epi desizyon moun ki siyen pi ba a se pou pitit mwen / pou mwen menm ta patisipe nan evalyasyon kadyak sa a.

Enfòmasyon ki founi nan fòmilè ki atache yo konplè ak korèk selon konesans ak bon konprann mwen. Mwen konprann epi m rekonèt si evalyasyon limite ki pral fèt la montre yon rezulta ba risk, sa a pa garanti yon bon eta sante. Patisipasyon nan pwogram sa a pa kapab ranplase yon konsiltasyon ak yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl medikal pou okenn pwoblèm oswa kondisyon lasante, oswa ki gen rapò ak lasante, ni tou li pa ka ranplase yon konsiltasyon fizik regilyè.

Mwen konprann epi m aksepte enfòmasyon mwen resevwa nan evalyasyon sa a sèlman dwe konsidere kòm enfòmasyon preliminè epi li pa reprezante yon dyagnostik lasante oswa kondisyon fizik pitit mwen an / mwen. Sa a pa yon etid dyagnostik epi li pa fèt nan objektif pou ranplase evalyasyon fizik regilyè ak doktè pitit mwen / doktè pa m. Anplis sa a, mwen konprann epi m rekonèt mwen menm oswa lòt papa, manman oswa titè a ta dwe pale ansanm ak doktè pitit mwen / doktè pèsonèl mwen an konsènan nenpòt rezulta anòmal ki sòti nan evalyasyon sa a, pi vit sa posib. Mwen menm oswa lòt papa, manman oswa titè a ta dwe asire n nou mande yon doktè medikal pèsonèl pou l evalye tout rezulta anòmal ki sòti nan evalyasyon kadyak sa a, anvan nou konsidere nenpòt dyagnostik oswa trètman.

Nan objektif pou yo fè evalyasyon kadyak la pou pitit mwen an / pou mwen menm, epi pou m patisipe nan evalyasyon an, mwen menm ki siyen pi ba a, AVÈK SIYATI MWEN, MWEN LIBERE PRESTATÈ A EPI M RENONSE AK TOUT REKLAM, AKSYON AK KÒZ AKSYON mwen menm oswa pitit mwen an te gen dwa fè kont fondasyon Eric Paredes Save A Life la, pèsonèl lasante endependan an ak benevòl k ap reyalize oswa patisipe nan pwosesis evalyasyon sa a, lekòl la, distri eskolè a oswa nenpòt founisè, esponnsò, fonksyonè, direktyè, anplwaye, ajan, benevòl oswa reprezantan, anba tout kalite reklamasyon, responsablite oswa domaj, sa ki gen ladan l men ki pa limite ak blesi pèsonèl oswa maladi ki gen dwa fèt parapò ak nenpòt blesi fizik, emosyonèl oswa mantal oubyen lanmò ki gen dwa fèt nan nenpòt fason sou pitit mwen an / sou mwen menm, poutèt patisipasyon an nan pwogram sa a akoz neglijans, mank respè garanti a, oswa responsablite estrik nenpòt moun ki asosye ak evalyasyon kadyak la. Moun ki siyen pi ba a aksepte anplis pou ni moun ki siyen an, ni eritye, reprezantan pèsonèl oswa jiridik fanmi ki siyen pi ba yo, p ap depoze yon plent ni fè yon reklamasyon poutèt yon maladi, yon blesi oswa lanmò ki rive poutèt evalyasyon kadyak la, epi renonsyasyon sa a aplike pou tout eritye, legatè, administratè ak reprezantan pèsonèl mwen yo.

Mwen konprann tout enfòmasyon medikal ki sòti nan patisipasyon pitit mwen / patisipasyon pa m nan pwogram sa a pral rete konfidansyèl epi etablisman ki fè depistaj la pa gen dwa kenbe enfòmasyon yo ni itilize yo. Yon fwa rezulta evalyayson kadyak yo fin pataje ak patisipan an, oubyen ak papa a, manman an oswa titè li a, nou pral de-identifie tout enfòmasyon medikal nou genyen yo, ki vle di nou pral retire enfòmasyon ki ka itilize pou idantifye yon moun pèsonèlman. Mwen bay konsantman mwen an pou fondasyon Eric Paredes Save A Life la oswa yon etablisman li dezinye a ta konsève tout done medikal anònim ki rete yo pou itilize yo nan pwojè rechêch medikal oswa akademik.

- Wi Fondasyon Eric Paredes Save A Life la gen dwa kontakte m pou pale konsènan enfòmasyon yo te jwenn sou rezulta evalyasyon kadyak ki te fèt jodi a
- Non M pa vle yo kontakte m aprè konsènan enfòmasyon yo te jwenn sou rezulta evalyasyon kadyak ki te fèt jodi a

Si w asiste evènman sa a, ou aksepte posiblité foto w, imaj ou oswa video ou kapab parèt piblikman oswa nan rezo sosyal yo. Nou fè sa a avèk yon bon volonte ak yon bon entansyon pou edike lòt fanmi konsènan opòtinite ki genyen pou jèn yo kapab fè yon evalyasyon kadyak pou sante prevansyon.

Moun ki siyen pi ba a deklare li gen tan li ak anpil swen epi li konprann konplètman tout kondisyon, modalite ak paragrap dispozisyon ki genyen nan dokiman sa a.

Ranpli swa premye, swa dezyèm kaz konsantman an pi ba a.

Konsantman pou patisipan ki gen mwens pase 18 lane :

NON PAPA/MANMAN/TITÈ (EKRI KLÈMAN)	IMÈL PAPA/MANMAN/TITÈ AN	TLEEFÒN PAPA/MANMAN/TITÈ AN
------------------------------------	--------------------------	-----------------------------

ADRÈS LAKAY (NIMEWO AK RI)	VIL	ETA	KÒD POSTAL
----------------------------	-----	-----	------------

SIYATI PAPA A, MANMAN AN OSWA TITÈ A	DAT LA
--------------------------------------	--------

Konsantman pou patisipan ki gen ant 18 ak 25 lane :

NON PATISIPAN AN (EKRI KLÈMAN)	ADRÈS IMÈ	NIMEWO TELEFÒN
--------------------------------	-----------	----------------

ADRÈS LAKAY (NIMEWO AK RI)	VIL	ETA	KÒD POSTAL
----------------------------	-----	-----	------------

SIYATI PATISIPAN AN	DAT LA
---------------------	--------

DOKTÈ PRENSIPAL PATISIPAN AN	NIMEWO TELEFÒN
------------------------------	----------------

POU ITILIZASYON BIWO A

APRE REVIZYON